


**LA VIL SAN FRANSISKO GEN-YEN YOUN-N
NAN PI BON LWA KI FASILITE AKSÈ AK
LANGAJ NAN PEYI AN, MEN NOU DWE ASIRE
NOU KE LI BON POU TOUT MOUN-N**

Anviwon 36% rezidan San Fransisko
se imigran.

45% abitan Vil San Fransisko pale you
langaj ki pa Anglè la kay yo.

14% menaj nan la vil San Fransisko izole nan
zafè lang kote pa gen-yen pyès moun-n ki
gen plis ke katòz lane laj ki endike ke yo pale
byen, ou ke yo pale trè byen Lang Anglè.



Pi gran gwoup nan zafè langaj nan la Vil
San Fransisko se Chinwa, Panyòl, Tagalòg
ak Rus.



**TOUT DEPATMAN NAN TOUT VIL DWE APLIKE
ODONANS SOU LANGAJ LAN.**

MIN KÈK DEPATMAN KI DWÉ GIN SÈVIS SA'A:

Aewopò yo
Depatman Eleksyon Yo
Sèvis PonPye
Ajans pou Sèvi Moun-n
Transpò Piblik
Depatman La Polis
Depatman Sante Piblik
Biblyotèk
Pak Piblik
Biwo Sherif yo
Biwo Pèseptè Kontribisyon- an
Jaden Zoolojik San Fransisko
Depatman Pou Kontwòl Gran Moun Yo
Biwo Achiv ak Anrejistreman
Enspeksyon Kay
Sèvis Jesyon Kay
Avoka La Vil lan
Sèvis Pou Jere Ijans
Ajans Pou Anviwonman
Depatman Pou Kontwòl Ti Moun-n yo
Biwo Pou Devlopman Ekonomik Ak Travay
Depatman Planifikasyon
Biwo Defansè Piblik Lan
Komisyon Sèvis Piblik
Travay Piblik
Konsèy Abitraj ak Kontwòl Lwaye Rezidansyel yo



LANSF

**LANGUAGE ACCESS NETWORK
OF SAN FRANCISCO**


**ODONANS LAN FÈ OBLIGASYON AK TOUT PRENSIPAL AJANS NAN LA VIL
SAN FRANSISKO POU YO GARANTI KE YO KAPAB SÈVI TOUT MOUN-N KI
PA KA PALE LANG ANGLÈ.**

Aksè nan langaj vle di tout moun-n genyen
men-m aksè ak sèvis gouvènman-an.

Se you gid Rezo pou Aksè Nan Langaj La Vil
San Fransisko (LANSF)

African Advocacy Network - 415-503-1032
Arab Resource & Organizing Center - 415-861-7444
Central American Resource Center - 415-642-4400
Chinese for Affirmative Action - 415-274-6750
Filipino Community Center - 415-333-6267
Mujeres Unidas y Activas - 415-621-8140
PODER - 415-431-4210

**REZO POU AKSÈ NAN LANGAJ LA VIL SAN FRANSISKO
SE YOU SIBVANSYON DE OCEIA**



ODONANS POU AKSÈ NAN LANGAJ MANDE GWO DEPATMAN NAN LA VIL SAN FRANSSKO POU YO FÈ SA NOU PRAL DI LA-A POU PANYÒL, CHINWA AK TAGALÒG:

1.

Anplwaye staf ki pale plizyè lang nan pozisyon kote y-ap resevwa anpil moun-n, tankou moun-n ki gen responsablite pou pran enfòmasyon, resepsyonis, avèk travayè sosyal ki an kontak regilyèman ak piblik lan

2.

Tradwi tout materyèl ki bay enfòmasyon esansyèl sou pwogram avèk sèvis yo tankou benefis ou byen sèvis, moun-n ki kalifye, ekzamen pou evalye kapasite you moun-n, jan pou moun-n nan pwoteste si li pa dakò

3.

Afiche nan espas piblik yo postè nan lang sa yo pou enfòmasyon piblik lan ke genyen materyèl avèk staf ki disponib

**N.B ANPIL DEPATMAN LA VIL LAN DWE
GENYEN SÈVIS ENTÈPRETASYON NAN
TELEFÒN SI YO PA GENYEN STAF KI PALE
PLIZYÈ LANG.**

DWA POU MANDE YOU MOUN-N POU YOU TRADIKTÈ

Odonans lan mande ke tout sèvis nan La Vil San Fransisko enfòmasyon moun-n ki limite nan Lang Anglè, enfòmasyon nan lang manman ak papa yo de dwa yo genyen pou mande sèvis you entèpretè. Sa valab pou tout langaj ki pale nan La Vil San Fransisko.

REYINYON AK ODYANS PIBLIK YO

Odonans lan fe obligasyon pou ke tout reyinyon ak odyans piblik Konsèy Minisipal yo, Komisyon Minisipal yo ak tout Depatman la vil lan dwe bay sèvisentèpretasyon pou tout moun-n ki mande sa de jou ou byen 48 è de tan a lavans.

ESKE YO TE VYOLE DWA-W POU-W JWEN-N LANGAJ OU PALE-AN ?

Eske -w te mande sèvis Entèpretasyon e-w pat jwen-n ?

Eske te genyen staf ki pa pale plizyè langaj ki kapab pale Pan-yòl, Chinwa, ou byen Filipino ?

Eske te gen-yen you fòmilè enpòtan ou byen you lèt ki pat tradwi ?

Si-w te viktim de you vyolasyon, panse a depoze you plent pou depatman La Vil lan kapab dokimante sa e pote koreksyon an apwè.



KI JAN POU DEPOZE YOU PLENT

Odonans sou Langaj nan La Vil San Fransisko mande ke tout depatman pèmèt pou depoze plent pa telefòn ou byen fòmilè pou plent. Si you lyin telefòn ou byen you fòmilè pou plent pa disponib, ou kapab toujou depoze plent lan nan fason sa yo:

1.

Rantre an kontak avèk manb Rezo pou Aksè ak Langaj, ki sou kouvèti bwochi sa-an;

2.

Rele nan nimewo 311. Di ak operatè-an nan ki lang ou bezwen asistans, ki dat avèk ki lè pwoblèm nan te rive, ki depatman ou byen ki sèvis ou t-ap eseye jwen-n.

3.

Rantre an kontak avèk Biwo pou Angajman Sitwayen avèk Zafè Imigran Yo, rele nan nimewo (415)581-2360. Ou ka voye you e-mail nan adrès elektronik sa-a: civic.engagement@sfgov.org